# JAŃA ÓMIRGE QÁDEM BASQAN XALÍQ QOSÍQLARÍ

**Abdikarimova.I.T**
*Ózbekstan Mámleketlik Konservatoriyası Nókis Filialı, "Ulıwma kásiplik hám social gumanitar pánler" kafedrası muzıkatanıw qánigeligi 1-kurs studenti.*
*Ilimiybasshı:* ***Charshemov.J.A***

**Annotaciya:** Bul maqalada "Dembermes", "Qız sağınıshı", "Mende sonı kútken soń", "Kel, kel janım,kel janım" sıyaqlı qaraqalpaq xalıq qosıqlarına ustazım Jamil Charshemov penen birgelikte klavir jazǵan halda qayta isledik. Maqalada berilgen qosıqlar talıqlanıp, olardıń kelip shıǵıw tariyxı hám atqarıwshıları haqqında maǵlıwmatlar beriledi.

**Gilt sózler:** nama, qosıq, jıraw, baqsı, kompozitor, namager, pedagog, ustaz, jazıwshı, shayır, dóretpe.

**Аннотация:**В этой статье мы неоднократно работали с моим учителем Жамилом Чаршемовым над фортепиано для таких каракалпакских народных песен, как «Дембермес», «Кыз сагынышы», «Менде сони куткен сон», «Кел, кел жаным, кел жаным». Подробно рассмотрены песни, приведенные в статье, дана история их происхождения и исполнители.

**Ключевые слова:** мелодия, песня, жырау, баксы, композитор, мелодист композитор, педагог, учитель, писатель, поэт,музыкальные произведение,

**Annotation:** In this article, our teacher Jamil Charshemov and my teacher, Jamil Charshemov, played the piano together with folk songs such as "Dembermes", "Missing a Girl", "Mende sonı kutken soń", "Come, come my dear, come my dear". The article describes the given spoons and gives information about the history and performance of the spoons.

**Key words:** Nama, music, jiraw, composer, melodist composer, pedagog, teacher, writer, poet, performance.

Qaraqalpaq muzıka mádeniyatı rawajlanıw basqıshı ózishine XIV ásirden házirgi kúnge shekemgi bolǵan aralıqtı aladı. Muzıka mádeniyatınıń rawajlanıwı Ortaaziyadağı oyanıw dáwiriniń yaǵnıy 2-renesansına tuwra keledi. Sol dáwirde jasap dóretiwshilik etken kórnekli sóz sherbeleriniń biri bolǵan Soppaslı Sıpıra jıraw dóretiwshiliginde jırawshılıq óneri menen bir qatarda, awızeki dóretiwshilikte rawajlanadı. Soppaslı sıpıra jırawdı "Edige" dástanınıń tiykarshısı desekte qátelespeymiz. Dástan Edige haqqında jazılǵanı menen de onıń barlıq tariyxıy jolın qamtıyalmaǵan. Bunda tek ǵana bir syujetlik sızıq olda bolsa Edigeniń Toqtamıs hám Sátemirxan menen bolǵan munásebetleri. Hiylekerlikleri nátiyjesinde jeke adamnıń ázzileniwi. Sonıń ushında qaraqalpaqsha Edigeniń áytewir xalıqshılıq kózqarastan

jazılǵanlıǵı bayqaladı. Bunnan tısqarı dástan hádden ziyat kórkem sózler menen kestelengen. Soppaslı Sıpıra jıraw negizinen Toqtamıs xannıń zamanlası bolǵanlıǵı málim. Sonıń ushında onıń tolǵawlarınıń basım kópshiligi sol dáwirdiń tariyxıy adamları bolǵan Toqtamıs penen Edigege qaratılǵan. Dástanlardıń kópshiligi xalıq awızeki dóretiwshilik jolı arqalı kirip keledi. Dástanlar 3 toparǵa bólinedi, olar tariyxıy, ashıqlıq, hám qaharmanlıq. Qaharmanlıq dástanlardı jırawlar, tariyxıy hám ashıqlıq dástanlardı bolsa, baqsılar atqaradı. Xalıq awızeki dóretiwshiligi jıraw hám baqsıshılıq óneri menen tıǵız baylanısqan. Sol dáwirde jasap dóretiwshilik etken jıraw hám baqsılar: Soppaslı Sipıra jıraw, Jiyen jıraw, Shańqay jıraw, Jiyemuratjıraw, Nurabullajıraw, Erpolat jırawh.t.b. Baqsılarǵa kelip toqtalatın bolsaq, baqsıshılıq óneri Aqımbet baqsıdan baslanıp, Musa baqsı, Qız baqsı Húrliman, Qarajan baqsı, Aytjan baqsı, Esjan baqsı hám basqada baqsılar Aqımbet baqsınıń dawamshıları esaplanadı. Solar arqalı muzıka mádeniyatı rawajlanıp házirgi kúnge shekem jetip keledi. Muzıka mádeniyatınıń rawajlanǵanlıǵı sonshelli, kóplep kompozitorlar, namagerler jetilisip shıǵıp muzıka mádeniyatınıń rawajlanıwına óz úleslerin qosadı.Maselen: A.Sultanov, N.Muxameddinov, M.Jiyemuratov, Ǵ.Demesinov, Q.Zaretdinov, U.Abdullaeva, D.Janabaeva, B.Allaniyazov, J.Charshemov hám basqada kompozitorlar ózleriniń shıǵarmaları menen xalqımız alǵısına erisip kelmekte. Sol kompozitor hám namagerlerdiń dóretiwshiliginde opera, balet, muzıkalı drama, simfoniyalıq shıǵarmalar janrı rawajlanadı.

2020-jılı Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh.M.Mirziyoyevtiń Qaraqalpaqstan Respublikasına saparı dawamında Ózbekstan Mámleketlik Konservatoriyası filialın Qaraqalpaqstan Respublikasında ashıwdı rejelestiredi. Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarı Keńesiniń náwbetten tısqarı 8-sessiyasina muwapıq berilgen tapsırmalar hám keńeyttirilgen tárizde ótkeriledi. 73-sanlı májilis bayanlamasınıń orınlanıwın támiynlew maqsetinde 2021-jılı Ózbekstan Mámleketlik Konservatoriyası Nókis filial ashıladı. Házirgi kúnde filialımız oqıwshıları ustazlar jolı menen kóp jetiskenliklerge erisip kelmekte. Filialda student jaslarǵa Muzıkatanıw bóliminde "Xalıq namaların notalastırıw" páni ótiledi. Men sol sabaqta qaraqalpaq xalıq namaları bolǵan "Dembermes", "Mende sonı kútken soń", "Kel, kel janım, kel janım" hám namager Qadir Hilalovtıń dótiwshiligindegi "Qız saǵınıshı" qosıqlarına ustazım Jamil Charshemov penen birgelikte klavir isledik. Xalıq naması bolǵan Dembermesti birinshi bolıp, xalıq artisti Bazargúl Karimova atqarǵan, notaǵa túsirgen namager Kóshkinbay Asqarov. Bazargúl Karimova 1957 – jılı 2 –sentyabrde Shımbay rayonında dúnyaǵa kelgen. Ol 1982 – jılı Qaraqalpaqstan Respublikasına xızmet kórsetken artist, 1992 – jılı xalıq artisti, 2000 – jılı Ózbekstan Respublikasına xızmet kórsetken artist ataqlarına erisedi. Dembermes naması haqqında aytıp ótetuǵın bolsaq: nama kirisiw menen baslanadı.




Miksolidiy ladında jazılıp, qosıq Moderato tempinde atqarıladı, ólshemi ózgeriwsheń 6/8, 2/4, 3/8, hámde 5/8.




Sózi Ǵariyp ashıq dástanınan jazıp alınǵan, táriypleytin bolsaq, gáriyp óziniń ketken ketken yarın asıǵıslıq penen kútkenligi haqqında sáwlelemgen.

**Qız saǵınıshı** sózi: Gúlistan Dáwletova, naması: Qadir Hilalov vocal ushın qayta islegen Abdikarimova Indira oǵan jaqınan járdem bergen ustazı Jamil Charshemov. Gúlistan Dáwletova Qaraqalpaqstan Respublikasına miyneti sińgen mádeniyat xızmetkeri, Ózbekstan Respublikasınıń jazıwshılar awqamı aǵzası Qaraqalpaq xalıq shayırı esaplanadı. Qadir Hilalov namager bolıp, bir qansha qaraqalpaq namaların qayta islep notaǵa túsirgen. Nama Frigiy ladında jazılǵan bolıp, andante tempinde baslanadı, ólshemi 6/8. Kirisiw bólimi:




Qız sağınıshı namasın birinshi bolıp atqarǵan xalıq artisti Bazargúl Karimova. Bazargúl Karimova Dembermes yaki Qız sağınıshı sıyaqlı namalar menen sheklenip qalmastan: Anajan, Assalawma aleylum, Zamanı bolar, Sensiz, Seni oylayman, Qásterlep, Ózıń joq hám tağı basqada, sol sıyaqlı qosıqlardı házirgi kúnde de atqarıp kelmekte.

**Mende sonı kútken soń** xalıq sózi, xalıq namasına tiykarlanıp jazılǵan. B-dur tonallıǵında jazılǵan, ólshemi 2/4. Andante tempinde baslanadı. Notaǵa túsirgen Alimjan Xalimov. Alimjan Xalimov Ózbekstan Respublikasınıń sovet kompozitorlar aǵzası, dirijyor hám depedagog. Namanıń kirisiw bólimi:




**Kel, keljanım, kel janım** xalıq sózi, xalıq namasına tiykarlanıp jazılǵan. F-dur tonallıǵında jazılıp, ólshemi 2/4. Allegretto tempinde baslanadı. Kel, kel janım kel janım namasınıń kirisiw bólimi:




Notalastırǵan Alimjan Xalimov. Kel, kel janım, kel janım sol qatardaǵı basqa namalardı da ustazım Jamil Charshemov penen birgelikte vokal ushınqayta isledik.

“Xalıq namaların notalastırıw” pánínde bizler qaraqalpaq xalqındaǵı umıtılıp baratırǵan xalıq namaların saqlap qalıw maqsetinde klavir isleymiz. Sol arqalı umıtılıp baratırǵan xalıq namaları qayta tiklenedi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**


1. Чаршемов Ж. МУСТАҚИЛЛИК ЙИЛЛАРИДА ЎЗБЕК КИНОМУСИҚАСИ //Вестник музыки и искусства. – 2023. – Т. 1. – №. 2. – С. 16-22.
2. Charshemov J. Karakalpak bakhshis and schools of bakhshi art //Teoretical and Applied Science (ISSN: 2409-0085). – 2023. – Т. 118. – С. 178-180.
3. Charshemov J. PROCESSES OF REALIZATION OF KARAKALPAK FOLKLORE IN SYMPHONIC MUSIC OF 30-80 YEARS OF XX-CENTURY //Web of Teachers: Inderscience Research. – 2024. – Т. 2. – №. 1. – С. 33-36.
4. Charshemov J. PROCESSES OF REALIZATION OF KARAKALPAK FOLKLORE IN SYMPHONIC MUSIC OF 1990-2010 OF XX-XXI CENTURY //Western European Journal of Modern Experiments and Scientific Methods. – 2024. – Т. 2. – №. 1. – С. 37-41.
5. Charshemov J. Problems of Using Karakalpak Folklore in Composers //Vital Annex: International Journal of Novel Research in Advanced Sciences. – 2023. – Т. 2. – №. 3. – С. 270-273.
6. Charshemov J. A REVIEW OF MARKABAY JIEMURATOV'S WORK //Modern Science and Research. – 2023. – Т. 2. – №. 10. – С. 818-821.
7. Чаршемов Ж. БАЛЕТДА ЖЖ НОВЕР РЕФОРМАТОРЛИГИ //TADQIQOTLAR. UZ. – 2024. – Т. 33. – №. 2. – С. 20-25.
8. Charshemov J. XVI-XVII ASRLARDA BALETNING YEVROPADA KLASSIK RAQS TURI SIFATIDA RIVOJLANISHI //Вестник музыки и искусства. – 2024. – Т. 1. – №. 3. – С. 22-27.
9. Charshemov J., Muratbaeva R. JAŃA RUXTAĠI XALIQ QOSIQLARI //Вестник музыки и искусства. – 2024. – Т. 1. – №. 3. – С. 16-21.
10. Charshemov J., Orazalieva G. BAROKKO DÁWIRINIŃ GARMONIYASÍ //Вестник музыки и искусства. – 2024. – Т. 1. – №. 3. – С. 49-53.
11. Abdikarimova I., Kamalova G. KARAKALPAK FOLKLORE //Modern Science and Research. – 2024. – Т. 3. – №. 2. – С. 1237-1239.
12. Ulzada O., Kamalova G. M. QARAQALPAQSTANDA OPERA JANRINIŃ RAWAJLANIWI //ОБРАЗОВАНИЕ НАУКА И ИННОВАЦИОННЫЕ ИДЕИ В МИРЕ. – 2024. – Т. 37. – №. 2. – С. 36-40.